

## Enstriksyon

Si Michigan ba ou yon lisans pou kondui oswa yon ID, **ou ka enskri pou vote an liy.**

Kòmanse pwosesis la nan **Michigan.gov/Vote.**

Ranpli fòmilè sa a pou w enskri pou w vote oswa pou w mete adrès ou ak enfòmasyon enskripsyon w yo ajou<sup>1</sup>.

1. Ekri nan yon fason ki klè tout enfòmasyon yo ak yon plim nwa oswa ble.
2. Siyen fòmilè a.
3. Voye pa lapòs oswa remèt fòmilè sa a nan biwo grefye vil ou a. Si rete 14 jou oswa mwens pou Jou Eleksyon an rive, evite voye fòmilè sa a pa lapòs pou anpeche reta.

Jwenn grefye vil ou a ak plis enfòmasyon sou **Michigan.gov/Vote.**

<sup>1</sup>Chanjman non ak deziyasyon sèks dwe fèt nan yon biwo Sekretè Deta.



Enskri pou vote nan [Michigan.gov/Vote](https://Michigan.gov/Vote), pa lapòs, oswa nan biwo grefye lokal ou a. Si w ap voye fòmilè sa a pa lapòs, li dwe gen yon so lapòs omwen 15 jou anvan Jou Eleksyon an

**Ou ka enskri nenpòt ki lè jiska Jou Eleksyon an lè w ale nan biwo grefye vil ou a,** pote prèv kote ou abite.

Si ou gen yon lisans pou kondui ke Michigan bay (DL) oswa yon kat idantite eta a bay (ID), adrès ki sou lisans pou kondui a oswa kat idantite w la dwe koresponn ak adrès enskripsyon elektè w la.

Si w pa janm vote an pèsòn nan Michigan epi w chwazi soumèt fòmilè sa a pa lapòs, revize **enstriksyon ki nan paj 2 a.** Ou ta ka bezwen bay pyès Idantifikasyon anplis.

Ou ap jwenn plis enstriksyon nan paj 2 a.

## Fòmilè Aplikasyon Enskripsyon Elektè Michigan ak Fòmilè Chanjman Adrès

\*\* Si w se yon patisipan nan Pwogram Konfidansyalite Adrès la, pa ranpli fòm sa a. Kontakte Depatman Pwokirè Jeneral la. \*\*

### Kalifikasyon

Wi Non Mwen se yon sitwayen Ameriken.

**Si ou pa yon sitwayen Ameriken, PA ranpli fòmilè sa a.**

Wi Non Mwen gen omwen 17,5 lane epi m ap vote lè m gen 18 lane.

### Lisans pou kondui / kat idantite eta a bay

Lisans pou kondui Michigan bay / Nimewo idantite eta Michigan an bay

**Si ou pa gen yon lisans pou kondui ke Michigan bay oswa yon kat idantite eta Michigan bay, bay kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou:**

**XXX - XX - \_\_\_\_\_**

Mwen pa gen yon lisans pou kondui ki valab ke Michigan bay oswa yon kat idantite eta ke Michigan bay, oswa yon nimewo Sekirite Sosyal.

### Enfòmasyon pèsònèl \* enfòmasyon obligatwa

Non\* Dezyèm non Siyati\*

Dat nesans\*(MM/JJ/AAAA) Fi (f) Gason (m) Non binè (x)

Adrès kote w abite - nimewo kay oswa bilding ak non ri a\*\*

Nimewo Apatman/Lo Vil\* Eta\* **MI** Kòd postal\*

Nimewo telefòn Imèl

Adrès postal (si li diferan de kote w rete a)

Vil Eta Kòd postal

Yo pral itilize nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou sèlman pou rezon eleksyon ofisyèl yo.

### Siyati

Mwen sètifye ke:

- Mwen se yon sitwayen ameriken.
- Mwen gen omwen 17.5 lane, m ap vote aprè mwen fin gen 18 lane.
- Mwen se yon rezidan Michigan epi m ap vote sèlman apre mwen te viv nan vil/kanton pandan omwen 30 jou.
- Mwen otorize anile nenpòt enskripsyon anvan.

Enfòmasyon mwen bay yo se verite dapre sa mwen konnen sou pèn penalite pou fo temwayaj. Si mwen te bay fo enfòmasyon, mwen ka peye yon amann oswa ale nan prizon oswa toude dapre lwa federal oswa lwa eta a.

Siyati

Dat

# Fòmilè Enstriksyon sou Aplikasyon Enskripsyon Elektè Michigan ak Chanjman Adrès

## Kalifikasyon - pou w enskri, ou dwe:

- Yon rezidan Michigan (nan moman ou ap enskri a) epi rezidan nan vil ou a depi omwen 30 jou (lè ou ap vote a).
- Yon sitwayen ameriken.
- Omwen 17.5 lane (18 lane lè w ap vote a).
- P ap pije yon pèn prizon aktyèlman.

## Adrès rezidansyèl ak adrès postal

Ou ka sèlman enskri pou vote nan yon sèl kote. Si ou gen plis pase yon domisil, ou ka enskri pou vote nan kote ou ye kounye a oswa kote ou gen entansyon retounen a. Pa egzanp, etidyan k ap ale nan inivèsite ka enskri nan vil lakay yo oswa nan adrès kanpis lekòl la, epi rezidan tanporè ki abite nan mezon retrèt yo ka enskri nan adrès lakay yo oswa nan etablisman medikal la. Y ap aksepte abri, ri transvèsal, oswa pwen repè yo kòm adrès domisil ou si ou pa gen yon adrès rezidansyèl ki anrejistre.

Si w ta prefere resevwa kourye ki gen rapò ak enskripsyon elektè w la oswa lisans pou kondui/kat idantite eta a nan yon adrès ki pa adrès rezidansyèl ou (egzanp. PO Box), ou ka bay yon adrès postal nan kote ki endike sou fòmilè a. Si w bay yon adrès postal, li p ap parèt sou kat enfòmasyon elektè w la oswa sou lisans pou kondui/kat idantite eta a.

## Kondanasyon kriminèl ak enskripsyon pou vote

Si ou te gen yon kondanasyon kriminèl nan pase epi ou pa nan prizon ankò, ou **ka** enskri epi vote. Ou ka enskri epi vote tou si w nan prizon epi w ap tann jijman oswa santans. Si w ap pije yon pèn prizon aktyèlman, ou **pa ka** enskri ni vote.

## Remèt bay grefye vil ou oswa kanton ou a

Voye pa lapòs oswa remèt fòm ki ranpli sa a dirèkteman bay grefye vil ou a. Jwenn adrès grefye w la sou [Michigan.gov/Vote](https://www.Michigan.gov/Vote) oswa lè w eskane QR sa a.



## Egzijans federal:

### Premye fwa votè yo enskri pa lapòs

#### Èske w enskri pou w vote nan Michigan premye fwa?

Si w pa janm vote nan Michigan epi w chwazi soumèt fòmilè sa a pa lapòs, ou dwe ranpli egzijans idantifikasyon federal la jan yo eksplike sa nan seksyon ki vin apre a.

Pou respekte egzijans idantifikasyon an, ou dwe:

1. Antre nimewo lisans pou kondui Michigan te ba ou a oswa nimewo kat idantite eta Michigan bay nan kote yo mande w sou fòmilè sa a.  
oswa
2. Si ou pa gen yon lisans pou kondui ke Michigan bay oswa yon kat idantite eta Michigan bay, bay dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.  
oswa
3. Voye youn nan fòm idantifikasyon sa yo lè w ap voye fòmilè sa a pa lapòs bay grefye vil ou a, kanton oswa konte ou a: yon KOPI pyès idantite ak yon foto ki valab (tankou yon pèmi pou kondui oswa yon kat idantite eta a bay ki soti nan nenpòt eta) oswa yon KOPI fich pèman, fakti sèvis piblik, deklarasyon labank, oswa yon dokiman gouvènman an bay ki genyen non ou ak adrès ou.

#### \*\*\*PA VOYE DOKIMAN IDANTIFIKASYON ORIJINAL YO PA LAPÒS\*\*\*

Si egzijans sa a aplikab pou ou, epi ou pa bay enfòmasyon ki te idantifye deja, ou dwe bay yon fòmilè idantifikasyon ki akseptab anvan ou vote nan premye eleksyon ke ou vle patisipe a.

**Remak:** Egzijans idantifikasyon an **pa** aplikab si ou: (1) pèsònèlman remèt fòmilè sa a nan biwo vil ou a, nan kanton ou a oswa nan biwo grefye konte a olye pou w voye fòmilè sa a pa lapòs oswa soumèt li atravè yon kanpay anrejistremen elektè, (2) se yon moun ki gen yon andikap oswa (3) elijib pou vote dapre Lwa Federal Uniformed and Overseas Citizens Absentee Voting Act (vòt sitwayen an inifòm ak sitwayen lòt bò dlo).

## Kesyon yo?

### Kontakte grefye vil ou a oswa kanton ou a si w gen nenpòt kesyon.

Aplikasyon ou a pa valab toutotan grefye vil ou a pa aksepte l. Si yo aksepte aplikasyon w lan, grefye w la ap voye yon kat enfòmasyon votè ba ou pa lapòs nan lespas twa semèn. Ou ka verifiye estati enskripsyon elektè ou a lè w ale sou [Michigan.gov/Vote](https://www.Michigan.gov/Vote).

# Michigan.gov/VOTE

Enfòmasyon pèsònèl idantifyab ki kolekte sou fòmilè sa a limite a sa ki nesèsè pou konplete tranzaksyon w la. Antanke òganis piblik, MDOS soumèt ak Lwa Michigan sou libète enfòmasyon (FOIA), MCL 15.231 et seq., epi enfòmasyon tankou yon non oswa adrès ka divilge an repons a yon demann FOIA. Pou konnen lòt fason yo ka itilize enfòmasyon ou yo, vizite <https://www.Michigan.gov/SOS/Policies>.